



**CHEMEN RENMEN AN**

*Sa n dwe fè pou Bondye mele nan tout sa n ap fè*

**Kesyon moun abitye poze**

[www.episcopalchurch.org/wayoflove](http://www.episcopalchurch.org/wayoflove)

# CHEMEN RENMEN AN

## KESYON MOUN ABITYE POZE

### **Ki sa Chemen renmen an ye?**

Chemen renmen an se yon angajman konsyan moun pran pou yo suiv Jezikri epi adopte kèk pratik nan vi yo—Kase tèt tounen, aprann, priye, adore Bondye, beni moun, ale, epi repoze—sa fè nou menm ak kominote nou yo tounen moun ki sanble ak Jezikri. Se yon fason pou n viv, ki fè nou kab adapte n e ki òganik tou. Selon koutim, kilti, ak idantite loklal yo; sa sot anba monte anwo (sa pa sot anwo desann anba).

### **Èske Chemen renmen an se yon règ lavi a? E si mwen deja ap obsève yon règ lavi a?**

Yon règ lavi a se yon angajman konsyan yon moun pran pou li fè kèk pratik espesifik ki kab ba l limyè, rit, ak enspirasyon pou li viv yon bèl vi, yon vi ki gen sans, epi yon vi ki sen ki odyapazon ak lavi Jezikri. Pandan plizyè syèk, kominote monastik yo te pratike règ sa yo yo menm, menm jan ak moun ki te asosye ak ki te fè ve ki te depase kad monastik la pafwa. Etan yon ekip pratik ki la pou li fòme lavi moun k ap suiv Jezikri yo Chemen renmen an, nan sans sa a, se yon règ pou lavi nou li ye.

Bi Chemen renmen an se pa pou li fè tout moun viv daprè menm pratik yo, ni tou li pa la pou li ranplase yon règ yon moun ap obsève deja. Men pito, bi Chemen renmen an se pou Episkopalyen yo toujou ap patisipe nan sèten pratik nan lavi yo ki fè yo pran angajman pou yo suiv Jezikri. Lyen sa a, [www.episcopalchurch.org/way-of-love-materials](http://www.episcopalchurch.org/way-of-love-materials), founi resous pou ede nou kreye yon règ pou lavi nou epi explore chak pratik nan Chemen renmen an.

### **Ki kote Chemen renmen an soti?**

#### **Poutèt ki sa nou bezwen yon bagay kon sa etan yon legliz?**

Evèk ki Alatèt la, Michael Curry, te mete yon kabinè stratejik ki gen 12 moun ansanm an desanm 2017 nan Atlanta epi yo te poze kesyon sa a: Kouman nou kab fè pou nou chanje kilti Episkopal la pou Epikospalyen yo kab santre lavi yo sou Jezikri epi pou yo kab louvri de bra yo bay levanjil la? Kabinè estratejik sa a te konkli vini ak yon nouvo pwogram pa tap rezoud pwoblèm nan. Episkopalyen yo dwe vire a lès epi anbrase ansyen pratik yo ki kab fè nou tounen moun ki sanble ak Jezikri. Nou te bezwen yon règ pou lavi nou ki te sou lamèn pou tout legliz la, sa fèt gras ak yon bèl envitasyon Evèk Alatèt la te fè epi gras ak anpil espas pou adaptasyon lokal ak adaptasyon endividyèl. Nou bezwen Chemen renmen an.

Kabinè estratejik la te santi sa touche l nan rapò sou “**What We Are Learning**”

(“**KISa n ap aprann?**”) Ministè RenewalWorks, te prezante a. Se yon ministè Mouvman pou pi devan an, ki chita sou fòs espiyèl nan Legliz Episkol la. Nan konpare done ki soti nan diferan legliz Episkopal, men sa RenewalWorks jwenn:

*Sa se yon nesesitye ki ijann. Nou aksepte satisfaksyon nan men pwòp tèt pa nou epi nou pa mande twòp pou n satisfè. Nou se yon denominasyon ki la lontan epi kantite manm nou yo ap diminye. Pratik espiyèl nou yo epi fason nou resevwa lafwa piti anpil parapò ak lòt denominasyon. Lidè yo anpil fwa santi yo vid, e menm kèk fwa yo santi yo pèdi batay la. An menm tan tou gen espwa, lè nou kab rive idantifye aksyon ki espesifik moun kapab konte nou kapab fè, aksyon ki kab sèvi kòm yon katalis ki kapab mete yon kilti fè disip fè disip sou pye epi Legliz Episkopal la ap devlope nan nivo espiyèl.*

Chemen renmen an envite tout Episkopalyen epi nenpòt lòt moun pou yo fè aksyon katalitik epi reyòganize vi nou otou aksyon sa yo, pa paske nou vle fè sa pou nou sove legliz nou an men pou nou fè vi nou santre sou lavi Bondye nou konnen nan Jezi, Kris la.

Men yon lòt fason nou kab wè sa. Chemen renmen an ede nou chache epi ede nou satisfè tou bagay debaz tout moun ap chache: Kouman mwen kapab viv nan libète toutbon vre? Kouman mwen kab fè pou m ta jwenn lavi ki pa janm fini an? Kouman sa ta kab posib pou m ta ap viv sou latè ak renmen kòm pwèn santral lavi mwen? Yon sèl fason nou konnen sa fèt se ak Jezikri: obeyi renmen I lan epi suiv chemen li an.

### **Ki relasyon ki genyen ant Chemen renmen an ak kontra batèm nan epi ak senk siny yon Misyon?**

Kabinè estratejik la reflechi sous a epi li priye sou Kontra batèm nan avèk Senk siny misyon an, ansanm ak règ lavi ki soti nan plizyè kominote monastik ak 10 kòmanman Maten Litè King yo pou yon mouvman pasifik. Modèl Chemen renmen an se chache tandè bon konprann diferan moman enpòtan nan lafwa epi nan aksyon sa yo.

#### **Chemen renmen ak Angajman batèm nan**

Chemen renmen an se yon akonpayman natirèl li ye pou Kontra batèm nou an. Lè n ap antre nan Kontra batèm nan, nou di Jezi “wi”. Kontra a kòmanse lè nou renonse lemal pou nou vire al jwenn Jezikri. Kontra a kontinye lè nou poklame tout sa Bondye fè pou nou atravè Jezikri epi li fini ak senk pwomès batèm yo.

Chemen renmen an fèt yon jan pou li founi nou yon estrikti ki fleksib pou nou rive idantifye pratik ki ap ede nou kontinye reyoryante vi nou nan direksyon Jezikri epi pou nou grandi kòm disip kòm evanjelis. Yon bon egzanp pou nou ta suiv se trase wout nou fè sou Chemen renmen an rive nan pwomès batèm nan. Eko sa yo ap sonnen fon, yo te fèt pou sa.

#### **Chemen renmen an ak senk Siny yon Misyon**

Menm egzanp nou te suiv anwo a ap mache pou senk siny misyon nan Legliz Anglikan an. Pandan plizyè moun wè se yon fason pou moun konprann aktivite misyon nan legliz yo ye, senk siny sa yo dekri fòm yon vi ki santre sou Jezikri tou. Annefè, Chemen renmen an se yon bagay ki konekte dirèk dirèk ak yon efò kominyon Anglikan yo rele lavi ki fòmè sou baz Jezikri. Sa a se yon kannpay total kapital pou devlope mouvman fè disip la pami Anglikan yo.

Si w egzaminen senk siny misyon yo ou kab wè kèk resanblans tankou:

- Pwoklame Bon Nouvèl wayòm nan reflekte pratik pou nou APRANN epi pou nou BENI moun.
- Anseye moun, batize moun, epi soutni nouvo kwayan sa reflekte Pratik APRANN, PRIYE ak ADORASYON an.
- Ede moun ki nan bezwen gras ak sèvi n ap sèvi yo ak renmen sanble ak pratik VIRE epi BENI moun nan.
- Lè n ap chache transfòmè sisèm sosyal ki pa jis yo sa sanble ak pratik ki di ann AL PI DEVAN an.
- Pou nou fè gwo efò pou n sofgade lanati epi soutni epi renouvle lavi latè sanble ak pratik ann AL PI DEVAN an

**Kat ki gen 10 kòmmanman pou Mouvman Pasifik la**, se yon pwomès Martin Luther King Jr. te fè, se yon règ lavi pou moun ki ap chache konprann jan Jezikri te kont kilti li tap viv ladann nan epi pou yo konprann rèv Bondye a. W ap tande son pwomès sa a nan Chemen renmen an:

Mwen ofri tèt mwen—moun mwen ye a epi kò mwen – bay mouvman pasifik la. Kidonk m ap obsève 10 kòmmanman sa yo:

1. M ap medite chak jou sou pawòl Jezikri yo epi sou lavi li.
2. M ap toujou sonje mouvman pasifik la ap chèche jistis ak rekonsilyasyon—se pa laviktwa l ap chèche.
3. M ap mache e m ap pale ak renmen, paske Bondye se renmen.
4. M ap priye chak jou pou Bondye sèvi avèk mwen pou tout moun kapab lib.
5. M ap sakrifye sa mwen ta renmen pèsònèlman pou tout moun kab lib.
6. M ap sèvi ak koutwazi ak ni ak zanmi mwen ni ak enmi m yo.
7. M ap chache rann lòt moun sèvis epi m ap chèche rann lemonn sèvis tou.
8. M ap evite tout vyolans ak men mwen, ak pawòl mwen, epi nan kè mwen.
9. M ap fè tout efò mwen pou mwen rete an sante ni nan kò m ni nan espri m.
10. M ap suiv direktiv mouvman ak direktiv kaptèn nan lè gen demonstrasyon.

Mwen fè pwomès sa a apre mwen fin reflechi byen reflechi sou sa m ap fè ak detèminasyon mwen genyen pou m pèsèvere.

Chak pwen sa yo se egzanjman yon angajman nou pran ak Bondye, ak youn ak lòt lèzòm, epi ak tèt nou, e jan nou viv ansanm. Ti detay yo kab pa menm, men menm apèl la toujou prezan: Renmen Bondye, renmen vwazen w, epi renmen lanati. Grandi ak renmen atravè repantans; medite sou labib, sou lapriye, sou adorasyon, sou rann sèvis, sou fè sakrifis, epi sou jistis; epi obeyi ansanm ak Bondye.

### **Kilès ki pwodui materyèl Chemen renmen yo?**

Gen yon bonkou materyèl se Gwoup Travay Chemen renmen an ki pwodui yo. Se yon ekip ki gen ladan manm staf Evèk ki Alatèt la ak volontè ki sot nan gwoup kle ki devwe lavi yo pou yo fòme kretyen, devlope lidèchip, epi fè piblikasyon. Vè kòmansman ane 2019 la, Gwoup Travay Chemen Renmen an te kreye bagay sa yo:

- Kat pou bous
- Bwochi
- Jeton
- Videyo k ap bay yon apèsi
- Gid pou ede nou “Kòmansman” reflechi
- Pwogram fondasyonèl pou nèf-sesyon pou ti gwoup
- Pwogram lavan ak kalandriye lavan
- Pwogram karèm ak jounen retrèt an silans
- Gid pou yon jounen retrèt

Gwoup la konsève resous moun nan tout legliz la kreye epi li distribye yo tou.

Akoz Chemen renmen an se pa yon pwogram, men se yon ogmantasyon li ye sou ansyen pratik kretyen ki te la depi lontan lontan, gen anpil materyèl ki deja egziste ki sipòte Chemen renmen an. Tcheke sit sa a [episcopalchurch.org/wayoflove](http://episcopalchurch.org/wayoflove), tcheke resous sa yo tou ki klase an kategorize dapre sa legliz la pratike ki soti nan **Piblikasyon Legliz** la epi nan **Movement pou al pi devan an**.

Depi yo te fin lanse Chemen renmen an, lidè ki bay fòmasyon, klèje, ak lidè layik nan legliz lokal yo, nan dyosèz yo, nan ministè yo, epi nan òganizasyon yo ap podui diferan kalite materyèl ki disponib pou tout moun. Afiche materyèl pa wou sou sit sa a: [dfms.formstack.com/forms/wayoflove\\_submit](https://dfms.formstack.com/forms/wayoflove_submit).

### **Ki sa nou dwe fè ak materyèl Chemen renmen an yo?**

Yo envite endividi oubyen kominote pou yo pran materyèl yo kreye yo pou yo itilize yo nan pwòp kontèks pa yo jan yo ye a, oubyen pou yo adapte yo nan kontèks lokal pa yo. N ap ankouraje wou tou pou w kreye materyèl pa wou pou ede moun suiv Chemen renmen an. Pa ezite voye materyèl ou yo nan lyen sa a oubyen imèl yo ba nou: [wayoflove@episcopalchurch.org](mailto:wayoflove@episcopalchurch.org), epitou afiche yo sou sit medya sosyal nan adrès sa a #wayoflove. Nou ta renmen selebre bon travay nou yo epi simaye yo toupatou.

### **Kouman pou m fè pou m suiv Chemen renmen an? Èske gen yon lòt?**

Pou w kòmanse suiv Chemen renmen an, n ap konseye w fè yon ti koudèy sou gid refleksyon “Kòmanse” a. Ou kab lanse trajè Chemen renmen an pou kont ou, fòme yon gwoup, oswa antre nan youn ki la deja. Chemen renmen an se yon bagay tout yon kongregasyon gen dwa adopte, ouswa yon moun, oubyen yon fanmi, osnon yon kominote ki gen yon bi. Sepandan lè ou chwazi pou w kòmanse ou chache yon patnè pou ede w fè trajè a, yon patnè ki ap suiv Chemen renmen an tou.

Chemen renmen an se pa yon lis etap yo preskri pèsonn. Se vre, gen yon rit ki fanmiye nan sèt pratik yo tankou: Vire, Aprann, Priye, Adorasyon, Beni moun, Ale pi devan, epi Repoze. Men rit ki pi enpòtan an se rit ki nan lavi pa w la. Pa gen okenn kòmansman ni okenn fen; se senp pratik ki pou gen yon relasyon dinamik youn ak lòt. Pa gen pèsonn ki pran yon pratik pou l detache l de lòt yo. Sa a se yon koze ki gen pou wè avèk lavi a ann antye.

### **Èske sa a se yon bagay ki pap la ankò toutalè?**

#### **Oubyen èske se yon lòt tandans legliz k ap disparèt?**

Evèk ki Alatèt la pran angajman l pou li ede legliz la viv Chemen renmen an atravè ministè pa li. Se yon bagay k ap devlope ofiramezi kongregasyon ak endividi ap suiv li. Menm lè manda Achevèk la fini an 2024 epi gen lòt inisyativ k ap parèt, Chemen renmen an pa ta dwe disparèt. Yon santye kon sa se yon fondasyon k la pou kreyen kapab viv.

### **Ki relasyon ki genyen ant Chemen renmen an ak Mouvman Jezikri a epi Vin yon kominote tout moun renmen?**

Chemen renmen an, Mouvman Jezikri a, epi vin yon Kominote Tout Moun Renmen tout konekte.

Nou se branch Episkopal **Mouvman Jezikri a**: yon kominote ki an pèmansans kote moun ap suiv Jezikri nan renmen, nan liberasyon, epi nan yon relasyon bay lavi nan rapò nou ak Bondye, ant moun ak moun, epi ak tout sa Bondye kreye. Nou pran angajman pou n suiv Jezikri atravè **Chemen renmen an**. N ap suiv Jezikri, n ap grandi nan renmen Bondye, epi envite Bondye antre nan lavi n pou li vin tounen sant lavi nou, kon sa n ap dekouvri yon renmen nou pa tap janm imajine. Renmen sa a devèsè nan relasyon renmen, liberasyon, ak bay lavi a. Chemen renmen an se yon griy ki ede n viv lavi nou yon jan pou nou indantifye tèt kòm manm Mouvman Jezikri a.

Kèk pwèn ki enpòtan nan Mouvman Jezikri a se evanjelizasyon, rekonsilyasyon, ak pran swen lanati. Chemen renmen an sipòte toutlètwa inisyativ sa yo.

Nan **evanjelizasyon**, nou ede moun renmen, libere lòt, epi devlope yon relasyon ki bay lavi nan rapò n ak Bondye. Pandan n ap grandi nan pwòp relasyon nou ak Bondye nan Jezikri gras ak Chemen renmen an, li vin pi fasil pou pratike evanjelizasyon: pou nou chache Jezikri, pou nou mansyone non li, ep pou nou selebre renmen li a nan temwayaj moun ki alantou nou yo. Li vin pi fasil pou nou envite moun pou yo wè lavi pa yo ak Bondye lè nou gen yon renmen ki vif ak yon lavi nou kapab pataje ak lòt. Si nou ap viv dapre Chemen renmen an, finalman n ap anvè pataje li ak lòt moun epi n ap envite yo pou yo wè sa pou tèt yo tou. Episkopalyen fè sa nan tout yon seri bèl fason. Efò espesifik tankou revèy Episkopal, fòmasyon pou evanjelizasyon, sibvansyon, rezo. Evanjelizasyon gen sans li, Mouvman pou pi devan an, epi Sosyete Episkopal Evanjelik la kapab ede n.

Nan pratike Chemen renmen an, nou ap pratike **rekonsilyasyon** nou ak Bondye, ak tèt nou, epi ak lòt moun. Nan rekonsilyasyon, nou bati relasyon ki chita sou renmen, sou liberasyon epi sou bay lavi nan rapò nou ak lòt moun, espesyalman nan kontèks enjistis la ki ap fè limanite ditò epi ki ap separe moun. Lè nou ap grandi nan renmen, nou wè Bondye nan lavi lòt moun epi nou respekte prezans Jezikri nan lavi lòt moun tou epi nou sèvi Jezi sa a kon sa. Nou anvè korije nenpòt sistèm ki te derespekte oubyen ki te renonse prezans Bondye an plen nan lavi lòt mou.

Pratik Chemen renmen an envite nou pou nou **pran swen lanati** natirèlman. Etan yon pati nan branch Episkopal Mouvman Jezikri a, nou konnen renmen nou genyen pou Bondye a epi pou lòt moun tou kouvri tout lanati. Angajman sa a pou nou antre nan yon relasyon pou nou renmen, pou nou libere, pou nou bay lavi nan rapò nou ak lanati se sa yo rele pran swen lanati a. Nan ministè sa a, nou gen opòtinite pou nou 1) devlop rezo moun ki poklame renmen yo genyen pou latè piblikman, 2) kanpe an solidarite ak moun ki pi vilnerab k ap chache pwoteksyon ak libète devan chanjman klimatik, epi 3) chanje abitud nou yo pou n toune moun ki mwen egoyis epi pou n vin yon benediksyon pou latè ak tout sa Bondye kreye sou li.

### **Ki relasyon ki genyen ant Chemen renmen an ak angajman Legliz la pran pou l vini Yon Kominote tout Moun Renmen?**

Angajman Legliz la pou li tounen yon **Kominote tout Moun Renmen** an chita byen chita nan kad Chemen renmen an nan kontèks pratik ALE PI DEVAN an. An verite, nan tounen yon Kominote Tout Moun Renmen an, nou di,” [Jezikri] mande nou pou leve sou dodin nou, pou nou al temwaye renmen li an, jistis li a, ak laverite Bondye a ak bouch nou epi ak lavi nou...Nou deplase pou nou tounen yon Kominote Tout Moun Renmen, yon pèp ki rekonsilye ak Bondye epi avèk lòt moun gras ak renmen.”

An 2017, apre yon ane nou pase ap tandè moun apre envitasyon Konvansyon Jeneral la pou nou pran Mouvman Jezikri o mo, Evèk Alatèt la, Evèk Curry, Prezidan Chanm Depite yo, Gay Clark Jennings, ak ofisye Chanm Evèk yo ak Chanm Depite yo envite Episkopalyen yo pou yo etidye sa k nan sit sa a epi pou yo pran angajman yo ak sa *Tounen yon Kominote Tout Moun Renmen: Angajman alontèm legliz episkopal la pran sou kesyon Amoni nan kesyon rasyal, Rekonsilyasyon, epi Jistis*.

Tounen yon Kominote Tout Moun Renmen se yon angajman espesifik Legliz Episkopal la pran, depi an 2017, pou demantle mantalite rasis epi pou patisipe nan rekonsilyasyon rasyal, nan jistis ak reparasyon. Se yon trajè total kapital alontèm kote nou pran angajman n etan endividi, etan kongregasyon, epi etan tout legliz la an jeneral, pou nou 1) Di laverite sou legliz nou an epi sou kesyon rasial, 2) pwoklame revèy Bondye pou gen yon Kominote Tout Moun Renmen, 3) pratike Chemen renmen an selon modèl Jezikri a, epi 4) repare tout sa ki fele nan enstitisyon yo epi nan sosyete a.

### **Èske mwen oblije yon kretyen pou mwen patisipe nan Chenmen renmen an?**

Non, men nou konnen Chemen renmen an se fason Jezikri te viv epi li envite nou pou n antre nan inyon total ki egziste ant li menm ak Bondye a. Chemen renmen an a se yon règ lavi yo fè ak entansyon pou moun adapte l nan kontèks lokal yo, men pratik sa a se pratik moun jwenn ki anrasinen nòmalmman nan relasyon nou ak Jezikri nan lavi kretyen an. Se pratik tankou: kite yon vi egoyis pou al jwenn Jezikri, aprann fason Jezikri aji yo nan labib, priye Bondye, adore Bondye nan asanble, beni moun epi fè wout Jezikri te pran an, epi repoze epi obeyi Bondye.

### **Èske mwen bezwen fon oubyen staf anplis pou m enplimnate Chemen renmen an?**

Anpil materyèl pou Chemen renmen an disponib gratis sou entènèt. Ou kab telechaje epi enprime bwochi Chemen renmen an ak kat pou met nan bous; pou met nan bilten; pou fè fowòm pou ti gwoup epi pou fè fowòm pou granmoun, pou jèn, ak timoun chak sezon. Y ap kreye plis materyèl tout tan. Pou w kab wè ki materyèl ki genyen pou chak aktivite klike la a: ([www.episcopalchurch.org/way-of-love](http://www.episcopalchurch.org/way-of-love)). Sèvi ak fòm sa pou w bay resous ou vle pataje oswa pou voye imèl ban nou nan adrès imel sa a [wayoflove@episcopalchurch.org](mailto:wayoflove@episcopalchurch.org).

### **Èske mwen oblije gen yon fòmasyon pou m enplimante Chemen renmen an?**

Ou pa oblije gen okenn fòmasyon pou kòmanse pratike Chemen renmen an. Si w ap chache fè yon gwoup oubyen yon kominote ki ta enterese nan Chemen renmen an, nou ap konseye w pou w ta familiarize w ak Chemen renmen an—fè on koudèy sou materyèl ki sou sitwèb Legliz Episkopal la ([www.episcopalchurch.org/way-of-love](http://www.episcopalchurch.org/way-of-love)) epi envite kèk moun pou antre nan yon konvèsasyon ak nou sou kouman ou ta dwe kòmanse. Si w ap fòme yon ti gwoup, sa enpòtan pou w gen yon moun ki gen esperyans nan dirije ti gwoup. Pi bon fòmasyon ou ta kab jwenn pou w fòme yon ti gwoup se jwenn yon moun ki te patisipe nan yon ti gwoup ki tap fonksyone trè byen. Ou kapab wè moun nan kominote w la ki te gen fòmasyon pou ministè oubyen pou fòme ti gwoup. Pou w byen mennen yon aktivite se pa yon kesyon konnen tout bagay sou sijè a, sa k enpòtan an se kapasite pou w mennen bon jon konvèsasyon. Ann pran ka kote nou wè Chemen renmen an etan yon trajè pèmanan pou fòmasyon kretyen, sa ap ouvè pòt pou nou aprann bagay nèf ak lòt jan nou kapab suiv Jezikri.

### **Tout pawòl sa yo ki chita sou Jezikri sèlman an pa sanble yo vize Lasent Trinite.**

Pèsonaj la, Jezikri, se yon moun ki kle pou lavi nan Legliz Episkopal la epi jan li idantifye tèt li. Annik ouvè liv priyè toulèjou yo oubyen nenpòt liv chan. Chak semen, nou tande y ap li pasaj nan nouvo testaman an ki gen pou wè ak lavi Jezikri epi ak ministè li. Chemen renmen an mete Jezikri, ki dezyèm pèsòn nan, nan sant lavi nou, ansanm ak Lespri Sen epi Bondye Papa a. Lespri Sen an fè nou siny pou nou kase tèt tounen, pou li kenbe nou nan lapriyè, epi se li nou rankontre nan beni lòt moun.

Etan Episkopalyen, nou te toujou glorifye Jezi nan renmen li epi nan suiv n ap suiv li. Sou wout la, pou diferan rezon kiltirèl kèk nan nou pran distans nou ak Jezikri pou nou kapab pa sonnen kòm kwa nou entoleran oubyen nou antisemit. Men se li ki nannan lafwa kretyen an. Chemen renmen li an santralize nou epi li fòme nou. E figi l se pòtre Bondye pawòl la fè nou tout konnen an (Jan 6:46). Nan moman sa a a nan kilti nou an epi nan istwa nou, Jezikri bezwen moun ki ap suiv Chemen renmen li an kòm temwen chemen sa a sou tè a. Èske ou ta renmen vin youn nan temwen sa yo?

## **Èske sa ap fè gen plis lòt moun ki vin legliz la? Kouman n ap rive wè si sa ap mache?**

Achevèk Curry fè nou sonje Chemen renmen an se yon chemen sen yo ak pwofèt yo te teste deja. Kit se te Estè, David, Pyè, Pòl, Mari yo, e menm Jezikri! Nan liv Travay Apot yo 2:46-47, nou tande kantite moun ki tap konvèti yo tap ogmante nan lafwa dejouanjou lè yo tap li pasaj labib yo, lè yo tap manje pen san leven an, epi lè yo te rasanble pou yo te lapriyè. Si nou viv tankou Jezikri, jan apot yo te fè a, lè sa a nou ap vin tankou Jezikri plis; Jezikri, ki li menm te rasanble gwo gwo foul moun.

Jezikri te vire bò Bondye—nou fè menm jès la. Jezikri te li pawòl la—nou li pawòl la tou epi nou APRANN. Jezikri te priye—nou PRIYE. Jezikri te adore Bondye – nou ADORE Bondye tou. Jezikri vide tout san l sou lakwa kòm yon benediksyon—nou BENI lòt tou – N AL AN MISYON. Jezi te repoze l epi li te obeyi Bondye—nou REPOZE n tou. Nou gen yon apèl pou nou suiv Jezikri nan suiv Chemen renmen an.

Chemen renmen an pap fè endividi sèlman grandi men kominote nou yo tou ki baze sou lafwa. Legliz ki gen fòs espiyèl grandi nan lavi espiyèl li epi nan kantite moun ki nan asanble a. Yon sondaj **RenewalWorks** te fè rakonte sa anpil nan nou wè nan legliz nou yo: Gen yon legliz kote kantite manm yo ap desann se yon legliz leplisouvan kote manm yo pasif epi yo satisfè ak tèt yo nan koze ki gen pou wè ak lavi legliz la. Anpil nan yo pa santi legliz la nouri yo epi yo pa pratike pawòl la andeyò legliz la. Malgre sa, gen anpil moun ki ap chache kwasans espiyèl e ki pa konn ki kote pou yo kòmanse. Prèske twaka moun ki di yo se Episkopalyen toujou rete nan menm etap matirite espiyèl yo te premye genyen an. Anpil moun swaf kwasans espiyèl. Twa nan sa ki mennen nan kwasans espiyèl dapre sa **RenewalWorks** di se patisipasyon nan li pawòl la, pisans Ekaristi a ak yon lavi lapriyè ki pwofon –e sa se twa nan pratik Chemen renmen an.

Kongregasyon ki kolabore ak **RenewalWorks** reyalize yo pa bezwen yon nouvo pwogram, sa yo bezwen se yon nouvo fason pou yo oryante vi endividyèl ak vi yo an gwoup nan fason ki kapab ede yo rankontre ak Bondye. Chemen renmen an se on fason pou moun viv—yon règ pou lavi a ki ap bay moun fòs espiyèl—e tankou Jezikri te pwomèt sa a lè nou tounen disip Jezikri sou wout la, nou tounen pechè dòm– (Lik 5:10).